

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan, analisis jeung pedaran dina bab opat ngeunaan ngaronjatna kamampuh nulis karangan arguméntasi siswa kelas VII-C SMP Negeri 6 Purwakarta antara saméméh (pratés) jeung sanggeus (postés) ngagunakeun stratégi *giving question and getting answers*. Dihandap mangruoa kacindekan hasil panalungtikan.

Kamampuh siswa kelas VII-C SMP Negeri 6 Purwakarta dina nulis karangan arguméntasi saméméh dilarapkeuna stratégi *giving question and getting answers* nya éta siswa can mampuh nulis karangan arguméntasi. Ina jumlah 30 siswa, siswa nu dianggap geus mampuh jumlahnaaya 3 urang, sedengkeun anu dianggap can mampuh jumlahna aya 27 urang. Skor panggedéna nya éta 20 kalayan peunteun 80 anu dicekel ku siswa no absén 2, 23 jeung 30, sedengkeun skor pangleutiknanya éta 7 kalayan peunteun 28 anu dicekel ku siswa no absén 20. Rata-rata skor tina 30 siswa téh nya éta 15,73, sedengkeun rata-rata peunteuna nya éta 62,8. Saupama diperséntasikeun lobana siswa anu geus mampuh nulis karangan arguméntasi nya éta 10%, sésana nya éta 90% dianggap can mampuh.

Kamampuh ahir (postés) siswa kelas VII-C SMP Negeri 6 Purwakarta dina nulis karangan arguméntasi sanggeus dilarapkeuna stratégi *giving question and getting answers* nya éta siswa geus mampuh nulis karangan arguméntasi. Tina jumlah 30 siswa, siswa nu dianggap geus mampuh jumlahna aya 21 urang, sedengkeun anu dianggap can mampuh jumlahna aya 9 urang. Skor panggedéna nya éta 24 kalayan peunteun 96 anu dicekel ku siswa no absén 2, 12 jeung 13, sedengkeun skor pangleutikna nya éta 13 kalayan peunteun 52 anu dicekel ku siswa no absén 9. Rata-rata skor tina 30 siswa téh nya éta 20,5, sedengkeun rata-rata peunteuna nya éta 81,9. Saupama diperséntasikeun lobana siswa anu geus mampuh nulis karangan arguméntasi nya éta 70%, sésana nya éta 30% dianggap can mampuh.

Aya bédha anu signifikan antara kamampuh nulis karangan arguméntasi siswa kelas VII-C SMP Negeri 6 Purwakarta antara saméméh jeung sanggeus ngagunakeun stratégi *giving question and getting answers*. Saupama dititénan tina hasil pratés siswa nu geus mampuh nulis karangan arguméntasi téh jumlahna 10% sedengkeun tina hasil postés jumlah siswa anu geus mampuh nulis karangan arguméntasi téh ngaronjat jadi 70% kalayan bédha gain na nya éta 60%. Lian ti éta, tina uji hipotésis anu ngahasilkeun $t_{itung} > t_{tabél}$, nya éta $7,4 > 2,75$ kalayan taraf kapercayaan 99%, hartina hipotésis kerja (H_a) bisa ditarima jeung hipotésis nol (H_0) di tolak. Ieu hal nuduhhekun yén stratégi *giving question and getting answers* mampuh ngaronjatkeun kamampuh nulis karangan nulis arguméntasi siswa kelas VII-C SMP Negeri 6 Purwakarta taun ajaran 2015/2016.

5.2 Saran

Sanggeus dilaksanakeun panalungtikan di SMP Negeri 6 Purwakarta kalayan judul, “Stratégi *Giving Question And Getting Answers* dina Pangajaran Nulis Karangan Arguméntasi (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII-C SMP Negeri 6 Purwakarta Taun Ajaran 2015/2016)” aya sababaraha hal anu baris ditepikeun di antarana:

- 1) Stratégi pangajaran *giving question and getting answers* bisa digunakeun pikeun hiji alternatif metode pangajaran sangkan bisa ningkatkeun hasil diajar siswa dina pangajaran nulis karangan arguméntasi.
- 2) Pikeun guru, dina ngalaksanakeun pangajaran nulis karangan arguméntasi bisa ngagunakeun stratégi pangajaran *giving question and getting answers* sangkan bisa nyiptakeun prosés pangajaran anu pikaresepeun pikeun siswana, lantaran hasil panalungtikan ieu ngabuktikeun yén stratégi *giving question and getting answers* efektif dina ningkatkeun hasil diajar siswa dina kamampuh nulis karangan arguméntasi. Salian ti éta, guru ogé bisa terampil dina ngagunakeun metode jeung media pangajaran anu bervariasi sangkan prosés pangajaran henteu monoton.

- 3) Pikeun panaluntik anu saterusna dipiharep bisa neruskeun hasil panalungtikan ieu ku cara ngulik leuwih jero deui ngeunaan pamakéan stratégi *giving question and getting answers* sarta pamarekanna dina pangajaran nulis karangan arguméntasi.